

**ANALISIS BUTIR SOAL PENILAIAN AKHIR SEMESTER MATA PELAJARAN
BASA JAWI SEMESTER GENAP KELAS VII WONTEN SMP NEGERI 6
YOGYAKARTA TAHUN AJARAN 2016/2017**

E-JOURNAL SKRIPSI

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
minangka Jejangkeping Pandadaran
Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan




dening:
Erlita Candra Herdatiana
NIM 14205241033

Yogyakarta, 27 Agustus 2018
Pembimbing,


Nurhidayati, M.Hum

NIP. 19780610 200112 2 002

Yogyakarta, 27 Agustus 2018
Ketua Jurusan,


Prof. Dr. Suwardi, M.Hum

NIP. 19640403 199001 1 004

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2018**

ANALISIS BUTIR SOAL PENILAIAN AKHIR SEMESTER MATA PELAJARAN BASA JAWI SEMESTER GENAP KELAS VII WONTEN SMP NEGERI 6 YOGYAKARTA TAUN AJARAN 2016/2017

The Analysis of School's Final Examination on Basa Jawi (Javanese Language) subject on Class VII of SMP N 6 Yogyakarta academic year 2016/2017

Dening: Erlita Candra Herdatiana, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta. erlitacandra@gmail.com

Panaliten kanthi irah-irahan *Analisis Butir Soal Penilaian Akhir Semester Mata Pelajaran Basa Jawi Semester Genap Kelas VII w wonten SMP Negeri 6 Yogyakarta Taun Ajaran 2016/2017* gadhah ancas ngandharaken (1) *tingkat validitas isi*, (2) *reliabilitas*, (3) *tingkat kesukaran*, (4) *daya beda*, saha (5) *efektivitas pengecoh*. Panaliti ngginakaken jinis panaliten *Deskriptif Kuantitatif*. Asiling panaliten inggih menika (1) *analisis validitas isi* (60,67%) *valid*, (2) *reliabilitas* nggadhahi koefisien Alpha 0.818 (sae sanget), (3) *tingkat kesulitan butir soal* ingkang (gampil) wonten 36 *butir soal* (72%), ingkang (*sedang*) wonten 13 *butir soal* (26%), saha (sisah) wonten 1 *butir soal* (2%), (4) *indeks daya beda butir soal* ingkang (sae) wonten 32 *butir soal* (64%), ingkang (boten sae) wonten 18 *butir soal* (36%), ingkang pungkasan (5) *efektivitas pengecoh* ingkang (*berfungsi*) wonten (22%), saha (boten *berfungsi*) wonten (78%). Satemah *soal PAS* wonten SMP N 6 Yogyakarta sampun saged ngukur panguwaosan *siswa bab materi pasinaon*, kanthi *revisi*.

Pamijining tembung: *Analisis Butir Soal, SMP N 6 Yogyakarta, Penilaian Akhir Semester*

Abstract

The Research was titled The Analysis of School's Final Examination on Basa Jawi (Javanese Language) subject on Class VII of SMP N 6 Yogyakarta academic year 2016/2017 which have some goals (1) describe the test's validity (2) reliability (3) level of difficulty (4) level of diversity, and (5) distraction effectiveness. To achieve the goal, researcher used quantitative descriptive method. The results of the research were (1) validity analysis scored 60,67% therefore the exam was valid, (2) reliability scored on alpha coefficient 0.818 which is very good, (3) the difficulty of the exam questions were 36 easy questions (72%), 13 medium questions (26%) and only had 1 hard question (2%). (4) level of diversity was categorized into 32 (64%) good questions, and 18 (36%) bad questions. And last (5) the distraction effectiveness divided into (22%) that have good functionality and rest of it (78%) does not have good functionality. According to the result, it can be concluded that the questions that used for final examination of Javanese language subject used by SMP N 6 Yogyakarta is good to be used to measure the knowledge of the students, with necessary revision.

Keywords: *Test questions analysis. SMP N 6 Yogyakarta, Final examination*

PURWAKA

Proses pasinaon inggih menika proses sistematis ingkang gayut kaliyan sadaya unsur pendidikan, inggih menika guru, siswa, kurikulum, bahan ajar, evaluasi saha asiling pasinaon ingkang ancasiipun kangge nggampilaken siswa anggenipun sinau. Salah satunggaling proses ingkang wigati wonten ing pasinaon inggih menika evaluasi. Guru kedah saged maringi evaluasi kangge para siswanipun. Evaluasi inggih menika proses kangge mangertosi panguwaosan siswa wonten ing

pasinaon (Joesmani, 1988:22). Saking asil evaluasi, guru saged mangertos menapa para siswanipun sampun nguwaosi materi ingkang sampun dipunwulangaken menapa dereng.

Evaluasi anggadhahi mapinten-pinten fungsi. Fungsi evaluasi kangge guru inggih menika minangka sarana kangge mangertos panguwaosan siswa bab seserepan, nilai-nilai saha katrampilan ingkang sampun dipunparingi guru; kangge mangertos kelemahan-kelemahan siswa nalika

proses *belajar mengajar*; kangge mangertos ketercapaian siswa nalika proses *belajar mengajar*; minangka srana umpan balik saking siswa; minangka piranti kangge mangertos ngrembakaning kemampuan siswa; saha minangka wujud laporan tumrap tiyang sepuh para siswa (Sukardi, 2011: 4).

Kadospundi panguwaosan siswa nalika proses pasinaon wonten pungkasan semester genep, saged dipuntingali saking kasil PAS (Penilaian Akhir Semester). Satemah prelu dipunmangertosi kadospundi butir soal PAS ingkang sae menika. Wujud tes menika kathah. Salah satunggaling wujud tes ingkang asring dipunginakaken nalika PAS inggih menika tes *pilihan ganda*.

Sae menapa botenipun butir soal PAS ingkang dipundamel menika saged ketinggal saking *validitas, reliabilitas, indeks kesulitan butir soal, indeks daya beda, saha efektivitas soal pengecoh*. Salah satunggaling SMP negeri favorit wonten ing kitha Yogyakarta inggih menika SMP Negeri 6 Yogyakarta. Wonten 21 kelas ing SMP Negeri 6 Yogyakarta. Kelas VII menika wonten 7 kelas, saking kelas VII A ngantos kelas VII G. Semanten ugi ingkang kelas VIII saha IX, wonten kelas VIII A ngantos kelas VIII G, kelas IX A ngantos kelas IX G.

Panyerat naliti bab *analisis butir soal PAS semester genap* wonten ing kelas VII SMP Negeri 6 Yogyakarta tahun ajaran 2016/2017, ngginakaken program *MicroCAT IteMan*. Panyerat ngawontenaken panaliten wonten ing SMPN 6 Yogyakarta amargi miturut pamanggih guru, dereng dipunwontenaken panaliten bab analisis

butir soal PAS mata pelajaran basa Jawi wonten ing SMP Negeri 6 Yogyakarta. Sasanesipun inggih menika kangge bahan tetimbangan sekolah supados saged langkung sae malih anggenipun ngawontenaken PAS (*Penilaian Akhir Semester*).

Adhedhasar prakawis ing nginggil saged dipunmangertosi wosing prakawis. Wosing prakawis panaliten menika kaandharaken kados ing ngandhap menika.

1. Kadospundi *validitas* soal PAS (*Penilaian Akhir Semester*) semester genap wonten kelas VII SMP Negeri 6 Yogyakarta?.
2. Kadospundi *reliabilitas* soal PAS (*Penilaian Akhir Semester*) semester genap wonten kelas VII SMP Negeri 6 Yogyakarta ?.
3. Kadospundi indeks kesulitan *soal PAS (Penilaian Akhir Semester)* semester genap wonten kelas VII SMP Negeri 6 Yogyakarta ?.
4. Kadospundi *indeks daya beda* soal PAS (*Penilaian Akhir Semester*) semester genap wonten kelas VII SMP Negeri 6 Yogyakarta?.
5. Kadospundi *efektifitas* soal *pengecoh* PAS (*Penilaian Akhir Semester*) wonten kelas VII SMP Negeri 6 Yogyakarta ?.

CARANING PANALITEN

Jinis panaliten menika ngginakaken metode panaliten *deskriptif kuantitatif*. Panaliten deskriptif inggih menika panaliten ingkang nggambaraken fenomena-fenomena ingkang wonten, tanpa ngewahi *variabel-variabel bebas* (Sukmadinata, 2013: 54). Objek saking panaliten inggih menika

awujud lembar soal pilihan ganda ingkang cacahipun wonten 50 soal, kunci jawaban, kisi-kisi, saha lembar jawaban ingkang cacahipun 236 lembar. Data dipunanalisis kangge mangertosi kualitas soal saking *validitas* butir soal saking aspek *materi, konstruksi* saha basa, *reliabilitas butir soal, indeks kesulitan butir soal, indeks beda butir soal, saha efektivitas pengecoh butir soal*.

Kangge mangertosi *validitas*, panaliti nyuwun pamanggih saking *expert judgement*. *Expert Judgement* panaliten menika Ibu Titik Wuryaningsih, guru Basa Jawi wonten SMPN 15 Yogyakarta. *Telaah validitas* kaperang dados tiga inggih menika *validitas isi, konstruk* saha basa, miturut SK, KD saha kisi-kisi. Panaliti ngginakaken program *MicroCat Iteman 3.00* kangge mangertosi *reliabilitas butir soal, indeks kesulitan butir soal, indeks daya beda butir soal, saha efektivitas pengecoh butir soal*. Sasampunipun dipunanalisis, saged dipunmangertosi soal ingkang sae menapa boten sae. Butir soal ingkang sae saged dipunginakaken malih. Butir soal ingkang boten sae saged dipunrevisi, utawi dipunicali

ASILING PANALITEN SAHA PANGREMBAG

1. *Validitas*

Validitas menika piranti kangge ngukur salah satunggaling alat menapa ingkang dipunukur saged dipunukur kanthi trep menapa dereng (Nurgiyantoro dkk, 2015: 414).Tigang kategori ingkang dipunanalisis, inggih menika *materi, konstruk, saha basa*. *Analisis validitas*

menika dipuntindakaken dening *expert judgement*. *Expert Judgement* panaliten soal PAS (*Penilaian Akhir Semester*) menika asmanipun ibu Titik Purwaningsih. Piyambakipun inggih menika guru Basa Jawi wonten ing SMP Negeri 15 Yogyakarta. Ingkang dipunbetahaken kangge analisis *validitas* inggih menika kisi-kisi PAS (*Penilaian Akhir Semester*), kartu soal PAS (*Penilaian Akhir Semester*), soal PAS (*Penilaian Akhir Semester*), saha lembar validasi.

Asil saking analisis *validitas* menika kalebet sae, amargi *validitas* rerata butir soal menika wonten 60,67%. Angka menika nedahaken bilih soal PAS ingkang dipunteliti menika *valid*. Saking 50 butir soal, wonten 13 soal ingkang jumbuh kaliyan aspek *materi, konstruk* saha basa.

Guruku

Kawruhmu koksuntak mring sliraku,...ya muridmu
 Iku kabeh daktrima kanthi bungahe atiku
 Tulusing atiku tansah matur nuwun
 Ra ngira iki pungkasane wektu
 Isih pengen sliraku ketemu sliramu, oh guruku ...

Saiki .. sliraku arep ninggalke sliramu
 Ucpanku tansah gawe kuciwane atimu
 Kaapurana luputku iki ... guruku ...
 Atiku kecandhet pangandikanmu kang ngluluhke
 Murih becik budi pekertiku
 Tandha jasa iku bebana kanggo sliramu
 Ikhlas lan sabar paring donga ming sliraku
 Yogyakarta, 20 Mei 2017

3. Panganggit wacan 1 yaiku....

- A. Guruku
- B. Ora ana asma panganggite (anonim)
- C. Kitri Sukamti
- D. Yogyakarta, 20 Mei 2017

Butir soal nomor 3 boten jumbuh kaliyan indikator penelaahan soal nomor 5 (*Opsi*

wangsuln *berfungsi* kanthi sae, manawi *opsi* menika asil etang-etangan, *pengecoh* kedah arupi *opsi* ingkang boten leres rumus/ etang-etanganipun). *Siswa* gampil anggenipun mangsuli pitakenan butir soal nomor 3 amargi *opsi* saking butir soal menika sampun nedahaken wangsuln ingkang leres. Langkung sae manawi *opsi* A dipungantos dados **A.Kiti Sukanti**; *opsi* B dipungantos dados **B. Kitri Susanti**; *opsi* D dipungantos dados **D.Tri Susanti** .

15. sawangen awiyat kang tansaya endah. Ing ngisor iki dasanama tembung **awiyat** yaiku... .
 A. toya
 B. langit
 C. samodra
 D. srengenge

Butir soal nomor 3 ugi boten jumbuh, kaliyan *indikator penelaahan soal* nomor 16 (Antawisipun *butir soal* satunggal kaliyan *butir soal* sanesipun boten gegayutan). Soal menika gegayutan kaliyan butir soal nomor 1 saha 2, amargi anggenipun mangsuli pitakenan kedah maos wacan ingkang sami. Langkung sae manawi dipungantos soal sanes ingkang boten gegayutan kaliyan butir soal sanesipun utawi wacan kangge mangsuli butir soal nomor 3 dipungantos.

Butir soal nomor 15 menika *boten* jumbuh kaliyan *indikator penelaahan soal* nomor 5 (*Ops*i wangsuln *berfungsi* kanthi sae, manawi *opsi* menika asil etang-etangan, *pengecoh* kedah arupi *opsi* ingkang boten leres rumus/ etang-etanganipun). Langkung sae manawi *opsi* A dipunewahi dados **A. Surya**. Butir soal nomor 16

menika boten jumbuh kaliyan *indikator penelaahan soal* nomor 5 (*Ops*i wangsuln *berfungsi* kanthi sae, manawi *opsi* menika asil etang-etangan, *pengecoh* kedah arupi *opsi* ingkang boten leres rumus/ etang-etanganipun). Langkung sae manawi *opsi* B dipunewahi dados **B. sae**. Butir soal menika ugi boten jumbuh kaliyan *indikator penelaahan soal* nomor 16 (Antawisipun *butir soal* satunggal kaliyan *butir soal* sanesipun boten gegayutan).

Sadaya butir soal ingkang boten *valid* 100% menika, kedah dipundandosi miturut *indikator penelaahan butir soal*. Angkahipun supados soal-soal kasebut saged *valid* 100%. Sasampunipun dipundandosi kedah dipuntelaah malih kaliyan *expert judgement*, manawi sampun sae butir soal menika saged dipunginakaken.

2. Reliabilitas

Reliabilitas minangka pratandha sae menapa botenipun soal ingkang dipunujikaken. *Reliabilitas* saged dipuntingali saking *koefisien alpha* wonten ing program *iteman*. Langkung inggil angka *koefisien alpha*, langkung inggil ugi *reliabilitas*. *Reliabilitas* ingkang inggil nedahaken *kualitas* soal ingkang sae.

Gambar 16 : Alpha wonten program MicroCAT iteman

| Scale Statistics | |
|------------------|--------|
| ----- | |
| Scale: | 0 |
| ----- | |
| N of Items | 50 |
| N of Examinees | 236 |
| Mean | 38.292 |
| Variance | 36.724 |
| Std. Dev. | 6.060 |
| Skew | -0.502 |
| Kurtosis | 0.001 |
| Minimum | 20.000 |
| Maximum | 50.000 |
| Median | 39.000 |
| Alpha | 0.818 |
| SEM | 2.585 |
| Mean P | 0.766 |
| Mean Item-Tot. | 0.310 |
| Mean Biserial | 0.482 |

Koefisien Alpha soal PAS ingkang dipunteliti inggih menika 0,818. Angka menika nedahaken bilih *reliabilitas soal PAS* menika kalebet inggil. *Reliabilitas* utawi r_{11} ingkang inggil menika manawi angka *koefisien alpha* saking 0,70.

3. Indeks Kesulitan Butir Soal

Indeks kesulitan butir soal inggih menika pernyataan bab angel menapa botenipun soal ingkang dipunujikaken dhateng para siswa (Nurgiyantoro, 2010: 335). Arikunto (2012: 222) ngandharaken bilih soal ingkang sae inggih menika soal ingkang boten angel sanget saha boten gampang sanget. *Indeks kesulitan butir soal* inggih menika soal ingkang sae ngewrat butir soal ingkang kathah cekap, boten kathah butir soal ingkang gampang utawi boten kathah soal sisah (Sudijono, 1996 : 370). *Indeks kesulitan butir soal* inggih menika pernyataan bab angel menapa botenipun soal ingkang dipunujikaken dhateng para siswa (Nurgiyantoro, 2002: 335). Indeks kesulitan butir soal menika saged dipuntingali saking angka *prop. correct* wonten program MicroCat *Iteman versi 3.0*. Wonten tigan kategori *Indeks kesulitan butir soal* inggih menika angel, cekap, saha gampang. Butir soal ingkang kalebet sae manawi gadhah *Indeks kesulitan butir soal* ingkang cekap. Butir soal ingkang angel saha gampang dipunanggep soal ingkang boten sae. *Proporsi indeks kesulitan soal* miturut Kunandar (2014:201) inggih menika soal gampang 30%, cekap 50% saha angel 20%.

Gambar 17 : Prop. correct wonten MicroCat Iteman

MicroCAT (tm) Testing System
 Copyright (c) 1982, 1984, 1986, 1988 by Assessment Systems Corporation
 Item and Test Analysis Program -- ITEMAN (tm) Version 3.00
 Item analysis for data from file pas.txt Page 1

| Seq. No. | Scale -Item | Item Statistics | | | Alternative Statistics | | | | |
|----------|-------------|-----------------|--------|--------------|------------------------|-----------------|--------|------------------|---|
| | | Prop. Correct | Biser. | Point Biser. | Alt. | Prop. Endorsing | Biser. | Point Biser. Key | |
| 1 | 0-1 | 0.983 | 0.452 | 0.147 | A | 0.983 | 0.452 | 0.147 | * |
| | | | | | B | 0.008 | -0.473 | -0.119 | |
| | | | | | C | 0.008 | -0.351 | -0.088 | |
| | | | | | D | 0.000 | -9.000 | -9.000 | |
| | | | | | Other | 0.000 | -9.000 | -9.000 | |
| | | | | | | | | | |
| 2 | 0-2 | 0.992 | 0.200 | 0.050 | A | 0.000 | -9.000 | -9.000 | |
| | | | | | B | 0.992 | 0.200 | 0.050 | * |
| | | | | | C | 0.000 | -9.000 | -9.000 | |
| | | | | | D | 0.008 | -0.200 | -0.050 | |
| | | | | | Other | 0.000 | -9.000 | -9.000 | |
| | | | | | | | | | |

Indeks kesulitan butir soal utawi *P* ingkang angel menika manawi angka *prop. correct* antawisipun 0,00 ngantos 0,30. Butir soal ingkang gadhah angka *prop. correct* antawisipun 0,31 ngantos 0,70 menika kalebet butir soal ingkang cekap. Angka *prop. correct* ingkang langkung saking 0,71 nedahaken bilih *indeks kesulitan butir soal* utawi *P* menika gampang.

Persentase saking asil analisis Indeks Kesulitan Butir Soal saged dipuntingali saking tabel wonten ngandhap menika

Tabel 9: Persentase Indeks Kesulitan Butir Soal

| KATEGORI | NOMOR SOAL | JUMLAH | PERSEN |
|----------|---|--------|--------|
| Gampil | 1,2,3,4,5, 6,8,9,10,1 1,12,14,1 5,17,18,1 9,20,21,2 2,23,22,2 5,26,28,2 9,30,31,3 3,36,37,3 | 36 | 72% |

| | | | |
|-------|--|----|-----|
| | 8,40,42,4 4,46,48 | | |
| Cekap | 7,13,16,2 7,32,34,3 5,39,4,43, 45,49,50 | 13 | 26% |
| Angel | 47 | 1 | 2% |

Saking 50 butir soal PAS wonten 36 butir soal ingkang gadhah *indeks kesulitan* gampil,

amargi gadhah angka *prop. correct* 0,71-1,00. Soal menika nomor 1, 2, 3, 4, 5, 6, 8, 9, 10, 11, 12, 14, 15, 17, 18, 19, 20, 21, 22, 23, 24, 25, 26, 28, 29, 30, 31, 33, 36, 37, 38, 40, 42, 44, 46, 48. Soal ingkang gadhah *indeks kesulitan butir soal* cekap wonten 13 butir, inggih menika butir soal nomor 7,13,16,27,32,34,35,39,4,43,45,49,50. Angka *prop. correct* saking soal-soal menika 0,31-0,70. Saking sadaya butir soal, butir soal ingkang angel namung wonten satunggal inggih menika butir soal nomor 47. Angka *prop. correct* saking butir soal menika kirang saking 0,30.

4. Indeks Daya Beda

Indeks daya beda soal inggih menika kemampuan butir soal kangge bedakaken antawisipun siswa ingkang sampun nguwaosi materi pasinaon kaliyan siswa ingkang dereng nguwaosi materi pasinaon. Butir soal saged dipunsebut sae menawi saged bedakaken antawisipun siswa saking kelompok inggil kaliyan siswa saking kelompok andhap.

Lambang saking *indeks daya beda* inggih menika D, cekakan saking *Diskriminasi*. Sae menapa botenipun *indeks daya beda* saged

dipunanalisis saking angka *point biser* wonten program *Microcat IteMan*.

Indeks daya beda ingkang sae menika manawi butir soal gadhah *point biser* sami utawi langkung saking 0,25. Butir soal ingkang gadhah *Point biser* kirang saking 0,25 dipunanggep boten sae. Butir soal ingkang gadhah *point biser negatif*, ugi dipunanggep gadhah *Indeks Daya Beda* ingkang boten *efektif*

| ANALISIS INDEKS DAYA BEDA | | | |
|---------------------------|---|-------|-----|
| KATEGORI | BUTIR SOAL | CACAH | % |
| Sae | 3,5,6,7,8,10,12, 13,16,20,21,24,27, 28,29,30,32,33,34, 35,36,37,38,41,42, 43,44,45,46,47,48, 50 | 32 | 64% |
| Bo8ten sae | 1, 2, 4, 9, 11, 14, 15,17,18,19,22,23, 25, 26, 31, 39, 40, 49 | 18 | 36% |

Tabel 10: Analisis Indeks Daya Beda

Saking tabel *Analisis Indeks Daya Beda* wonten ing nginggil, saged dipunmangertosi bilih wonten 32 butir soal (64%) ingkang kalebet sae. Butir soal menika nomor 3, 5, 6, 7, 8, 10, 12, 13, 16, 20, 21, 24, 27, 28, 29, 30, 32, 33, 34, 35, 36, 37, 38, 41, 42, 43, 44, 45, 46, 47, 48, 50. Butir soal ingkang kalebet boten sae wonten 18 nomor, inggih menika nomor 1, 2, 4, 9, 11, 14, 15, 17, 18,19, 22, 23, 25, 26, 31, 39, 40, 49. Butir soal ingkang boten sae kedah dipundandosi malih.

5. Efektivitas Pengecoh

Analisis Efektivitas Pengecoh butir soal inggih menika analisis wangsulan siswa ingkang dipunuji

kaliyan soal pengecoh (Nurgiyantoro, 2010: 342). 2. *Reliabilitas*

Butir soal saged dipunsebut sae menawi sedaya *Reliabilitas* saged dipuntingali saking angka alpha pengecoh ingkang wonten, dipunpilih dening para wonten *program MicroCAT Itean*. Soal PAS peserta ujian. *Efektivitas pengecoh* saged dipuntingali (*Penilaian Akhir Semester*) gadhah *alpha* 0,818. saking angka *prop. endorsing* wonten *program* Tegesipun soal menika gadhah *reliabilitas* ingkang *MicroCat Itean*. Kriteria pengecoh butir soal inggil. *Reliabilitas* ingkang inggil nedahaken bilih ingkang sae inggih menika menawi pengecoh kasebut soal ingkang dipunteliti gadhah kualitas ingkang dipunpilih minimal kaliyan 5% saking sadaya peserta sae.

ujian.

Saking 50 butir soal, ingkang gadhah *efektivitas pengecoh* ingkang sae wonten 11 nomor (22%) inggih menika nomor 20,34,38,39,41,42,44,45,46,47,50. Butir soal ingkang gadhah *efektivitas pengecoh* ingkang boten sae menika langkung kathah jumlahipun, inggih menika wonten 39 butir soal (78%), inggih menika nomor 1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, 8, 9, 10, 11, 12, 13, 14, 15, 16, 17, 18, 19, 21, 22, 23, 24, 25, 26, 27, 28, 29, 30, 31, 31, 33, 35, 36, 37, 38, 40, 43, 48, 49. Butir soal ingkang gadhah pengecoh ingkang boten *efektif*, kedah dipundandosi malih supados sadaya pengecoh saged *efektif* saha saged dipunginakaken.

Dudutan ingkang saged dipunpendhet inggih menika.

1. *Validitas*

Soal PAS (*Penilaian Akhir Semester*) Genap Kelas VII wonten SMP N 6 Yogyakarta gadhah *validitas* per nomer butir soal ingkang sae inggih menika 60,67%. Butir soal PAS (*Penilaian Akhir Semester*) menika sampun ditelaah dening *expert judgement* miturut *kriteria* isi, *konstruk* saha basa.

3. *Analisis Butir Soal*

a. *Indeks kesulitan butir soal*

Saking 50 butir soal, wonten 36 butir soal ingkang kalebet indeks *kesulitan butir soal* gampil (72%). Butir soal ingkang gadhah *indeks kesulitan butir soal* cekap menika wonten 13 nomer (26%). Butir soal ingkang gadhah *indeks kesulitan butir soal* angel, namung wonten satunggal nomer (2%). Dipuntingali saking *indeks kesulitan butir soal*, soal PAS (*Penilaian Akhir Semester*) menika dereng sae amargi dereng ngugemi *proporsi* 30% butir soal gampil, 50% butir soal kategori cekap saha 20% butir soal ingkang angel.

b. *Indeks daya beda*

Indeks daya beda wonten wonten program *MicroCAT Itean* saged dipuntingali saking angka *Point biser*. Butir soal ingkang gadhah *Point biser* kirang saking 0,25 dipunanggep boten sae. Soal PAS (*Penilaian Akhir Semester*) menika kalebet soal ingkang sae amargi saking 50 butir soal, ingkang gadhah *Indeks daya beda ingkang sae menika wonten* 32 butir soal utawi 64%. Butir soal PAS ingkang gadhah *indeks daya beda* boten sae utawi gadhah *point biser* kirang saking 0,25 wonten 18 nomer (36%).

c. *Efektivitas soal pengecoh*

Efektivitas soal pengecoh kalebet boten sae amargi saking 50 butir soal, namung wonten 11 butir soal (22%) ingkang *efektif*. Butir soal ingkang boten *efektif* langkung kathah jumlahipun inggih menika 39 butir soal (78%).

PAMRAYOGI

Sesampunipun *nindakaken* panaliten analisis butir soal PAS mata pelajaran Basa Jawi kelas VII taun ajaran 2016/2017 wonten ing SMPN 6 Yogyakarta pamrayogi ingkang saged kaakndharaken inggih menika:

1. Soal PAS ingkang kalebet soal boten sae, prayoginipun dipundadosi malih. Mliginipun perangan pokok soal saha pilihan wangsulan. Wonten pokok soal ingkang kirang cetha, mindhak saged damel bingung para siswa. Pilihan wangsulan ugi saenipun dipundadosi. Pilihan wangsulan ingkang sae kedahipun saged ngugemi paugeran 30% butir soal gampang, 50% butir soal cekap saha 20% butir soal angel. Butir soal PAS ingkang dipunujikaken menika kathah-kathahipun kalebet sol ingkang gampang.
2. Guru kedah mangertosi babagan cara evaluasi (cara damel soal saha cara mbiji) mliginipun ingkang ngginakaken aplikasi, kados iteman. amargi wontenipun aplikasi evaluasi saged mbiyantu guru anggenipun mangertosi kualitas soal ingkang dipundamel.
3. Kangge sekolah, prelu dipunwontenaken pelatihan kaprigelan kangge guru, gayut kaliyan evaluasi pembelajaran. Angkahipun supados

benjang kangge ningkataken mutu pendidikan wonten ing sekolah menika.

KAPUSTAKAN

- Arikunto, Suharsimi. 2012. *Dasar-dasar Evaluasi Pendidikan*. Jakarta : Bumi Aksara.
- Joesmani. 1988. *Pengukuran dan Evaluasi dalam Pembelajaran*. Jakarta : Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Kunandar. 2014. *Penilaian Autentik*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.
- Nurgiyantoro, Burhan.2010. *Penilaian Pembelajaran Bahasa Berbasis Kompetensi*. Yogyakarta: BPFE
- , dkk. 2015. *Statistika Terapan*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Sudjiono, Anas. 1996. *Pengantar Evaluasi Pendidikan*. Jakarta: Rajawali Pers.